setali tiga oeang. Boten maremipoen sadèrèk-sadèrèk H.I.S. ingkang dados *Beambte pandhuis* of *stationsdient* enz. poenika kedah dipoen $^{0}/_{0}$ roemijin. Samangsa $^{0}/_{0}$ nipoen *katah* ingkang poeroen nglampahi kados wedalan angka II, (kaot namoeng ingkang koela atoeraken ing nginggil waoe), sampoen tamtoe inggih adjinipoen H. I. S. boten béda katah kalijan 2e openb.-scholen. Saja-saja jèn angka II èstoe angsal piwoelang walandi wiwit klas III badènipoen, tamtoe badé sami reginipoen oetawi aosipoen. Temboeng marem oetawi kadoegi nrimah, ing wedal samangké djaman malaise (nagari kekirangan jatra) kanggé oemoem, jèn sadaja moefakat accoord, nampi blandja ingkang katampèkaken; wonten oegi ingkang grenengan ing wingking, nanging ing ngadjeng boten wonten njoewanten, sabab tjatjahipoen namoeng sapérangan alit. (sakedik). Sapoenika gouvernement sampoen sakedik-sakedik oetawi bribik-bribik mendet atoeran tjara Handel Mij. Bilih kaoentoengan kirang, blandja-blandja poenggawa katjowok manoet presènan. (mriksani gouv. Besluit ddo. 20 Juni 1931 No 1 a staatsblad 258). Rahadjeng kanggé blandja ingkang kirang saking f 50.— sawoelan, dèrèng kénging tjowokan 5 $^{0}/_{0}$. Ing kita dagang oetawi kantoor nagari ing Soerabaja, certificaat H. I. S. namoeng kaawis f 15.— sawoelan, Mulo saged pikantoek f 25 — f 30 sawoelan, rak kodjoer! Éwadéné ngantos nolak tijang oetawi laré-laré ingkang sami nglamar pandamelan; poenapa badé boten nrimah katampi? Liever iets dan niets. Kasinggihan sanget jèn pinoedjoe mangsa saé, saged milih tanding pados pandamelan sanès, nanging jèn namoeng kasagedan H. I. S. boten dipoentambahi sanèsipoen, oepaminipoen saged typen saking schrijfmachine (sjoekoer tien vinger system) langka badé kaot ageng klajan angka II ing poendi-poendi kaboedidajan. Manawi certificaat H. I. S. ingkang saé, rapportipoen basa Wlandi angsal *8 minggah*, tamtoe boten mlebet dados *Beambte* „sabab kedah ngetjakaken pandamelan *basa Wlandi*, ing rikoe tamtoe badé marem saèstoe, nanging kosok-wangsoel jèn rapport awon, toemrap basa Wlandi, kaanggep sami klajan wedalan angk II, adados mlebet schaal A, boten schaal B, sabab basa Wlandinipoen awon. (B. B. L. 1925 / 1928). Samanten roemijin béndjing malih!

*Oedjoeng - Kamal.*

# SEKOLAHAN.

*( Sadjawining tanggelan Redactie ).*

**Soerat terboeka.**

**Siapa** dan **apakah** Nationale Instituut **Taman Hadi** itoe ? ?

Leden P. G. H. B. hati - hatilah kepadanja!

P. G. H. B. afd. Mataram telah menjelidiki seloeas-loeasnja, sedalam-dalamnja.

**Hasilnja?**

Hati - hatilah kepadanja!!!

Kalau akan berhoeboengan kepadanja, **oentoek kesalamatan saudara-saudara,** tanjakanlah halnja lebih doeloe kepadda P. G. H. B. afd. Mataram.

**Atas nama P.G.H.B.**
**afd. Mataram.**

Voorzitter, *Darmosoegito.* Secretaris, *Poerbosiswojo.*

## PIWOELANG SEKAR (TEMBANG).

Toewoeh saking manah éwoeh aja, wasana ladjeng adreng kapidereng damel goebahan atjiri „piwoelang sekar" poenika, èstining manah namoeng soemedya njoewoen oesada, pambirating manah koela ingkang saprika - sapriki tansah kambah ing raos wantjak drija, doemateng para sardjana.

Basa Djawi ingkang kawoelangaken wonten ing pawijatan - pawijatan poenika para maos kados sampoen boten kekilapan, inggih poenika: basa Djawi Soerakarta; wonten oegi sawenèhing prijantoen ingkang ngandika: Jodja ija kena. Nanging bab poenika koela kirang terang, djalaran koela mangertos temboeng satoenggal kalih ingkang gèsèh: menang, kramanipoen „mimpang" (Soerakarta) déné jèn Jodja kaprahipoen: sasap; wa - ndak (Jodja) Soerakarta: ndakwa. Isp. Bab basa oetawi temboeng poenika, manawi ingkang koela ngertosi, kalih - kalihipoen koela anggé, nanging inggih namoeng satemboeng kalih temboeng. Awit koela boten wedalan taalcursus, oetawi asli koela Jodja dèsi.

Kadjawi saking poenika prakawis moelang bab basa poenika radi gampil, margi sampoen wonten serat tjepenganing goeroe - (handleidingen), dados saoepami mergoki temboeng ingkang radi tida - tida pangertos koela dateng tegesipoen temboeng waoe radi gampil anggèn koela njinaoe oetawi takèn - takèn (ningali baoe sastra).

Nanging moelang sekar boten makaten, toemrap koela ladjeng dawah éwoeh - aja, déné djalaranipoen sampoen koela atoeraken waoe. Poenapa prajoginipoen njobat gramapoen mis Hèrlaoet oetawi masdjeng Manggis?

Boenoeh diri ! ! !

Sekar Djawi kaserat mawi noot inggih sampoen wonten, jèn koela boten klèntoe karanganipoen padoeka toewan Winter toewin J. Kats, nanging rèhipoen koela kirang faham, mila trimah mopo, boten saged.

Sasoemerep koela tjéngkoking sekar Solo kalijan Jodja poenika mila gèsèh, sapérangan ageng doemoenoeng wonten elak - eloeking lagoe toewin doemawahing pada. Mentas poenika anak koela (moerid) sami katimbalan toemoet nempoeh iksamen N. S. Solo; sareng wangsoel sami netah dateng koela, déné anggèn koela moelang sekar wonten ing rika dipoenwada, dipoenoengelaken tjara Kedoe. Mangka sekar ingkang koela woelangaken waoe sekar: djoeroedemoeng wedalan Jodja (Madoebrantan) toenggilipoen sekar ageng „Bandjaran sari".

Koela boten pisan - pisan, nginten oetawi mastani bilih pamadanipoen Sang Examenator waoe toemoedjoe dateng koela (goeroenipoen laré waoe). Boten babar pisan. Nanging margi mentas wonten kawontenan ingkang kados makaten koela ladjeng minggrang - minggring oeger saweg moelang njekar. Wonten malih panatjad ingkang moeroegaken gondjinging manah koela i. p: tembang kok tjampoeran mengkono, ana kinantiné, ana pangkoeré enz. Mangka ing sekar ingkang koela sagedi mila inggih njata makaten. Koela sampoen roemaos mitoeroet patokan, sareng kababar wonten ing Solo, tijang saged ngrika ngendika boten saged maringi bidji. Dados semoenipoen tjéngkok Ngajodja bab sekar waoe dèrèng patos hoem! Soemangga para winasis kadospoendi pamawas pandjenengan. Sakoela tijang boten djadjah (pitjik pengetahoean) namoeng soemarah. Nanging koela inggih ngertos bilih basa saha lagoe Djawi poenika kénging kawastanan taksih mobah; oetawi basa ingkang taksih gesang, dados taksih mobah polah.

Noewoen sampoen kirang ing pamengkoe.

*Poen Aquina —*

## CORRIGENDA.

Sw. Tm. No. 34 katj. I. kol. 1. larikan 11 saking ngandap: „padanging soerja wonten Ngajogjakarta . . ." kawaosa: „ . . . wonten Soerakarta . . ." Katj. I. kol. 3. larikan 1.: „Klairan saking Klatèn . . ." tjetanipoen: „Klairan saking Kartasoera."

*Corrector.*

# ÉKONOMI.

## PÈNGETAN SAWATAWIS BABAGAN ARTA, PANGGAOTAN LAN PANGGESANGAN.

Reclame, Reclame, Reclame! poenika slomprèting djagad panggaotan. Reclame sepatoe ing Soerabaja ingkang sampoen koela serat ing riki kala 14 Augustus, tanggal 15 Augustus, ngleresi dinten ageng Dèwi Marijah kasengkakaken dateng swarga, sampoen ndjedoel ing Djakarta: Olympian, wereldbekend!

Mila makaten.

Reclame nomer satoe.

Roemijin kala toean Mc Gillavry lezing wonten Djakarta, tjarijos manawi 10$^{0}/_{0}$-ning bati kamligèkaken kanggé advertentie lan Reclame.

Ing Utrecht, wonten museum oetawi permanente tentoonstelling dagangan Indonesia, — magepokan tentoonstelling poenika ladjeng wonten expert dagang takèn dateng tepanganipoen makaten:

„Lo, kowé jèn ndeleng tentoonstelling iki soemoeroep jèn sigaret lan sroetoe mantja mèh sasat ngebaki Indonesia, sebab apa sigaret lan sroetoe Walanda ora mengkono?"

Mitranipoen mangsoeli: „wroehanamoe, akoe pada menang papan, menang kwasa, nanging kalah advertentie lan reclame!"

expert: „La mbok kéné hija gawé!"

Mitranipoen: „Dat zit niet in ons bloed!" Semanten! Tijang Inggris lan Amerika sakrabatipoen bab advertentie mempeng, andjalari saged angwoetahaken daganganipoen sagendingipoen. Mitranipoen expert waoe inggih ngraosi Australië, sagedipoen ngrebat papan kanggé dagangan blèg-blègan. Sadaja margi advertentie.

Mangsoeli sepatoe Olympian, sagedipoen njentosani daganganipoen boten lija oegi njarenhi andaping regi karèt. Awit sadaja sepatoe Olympian dasaripoen karèt, ing mangka karèt reginipoen andap sanget, kénging kabasakaken namoeng 4 graad saking vriespunt!

Kadjawi badénipoen kleresan mirah, oegi ngèngeti „qualiteit." Qualiteit, poenika borg angka satoenggal toemrap poenapa kémawon. Sanadjan tanpa reclame babar pisan, jèn qualiteit saé, boten sandé badé dipoenpadosi.

* * *

Saking Nederland wonten kabar rebahipoen pabrik lampoe lan radio: Philips. Leres dèrèng bangkroet, nanging aandeelipoen ingkang 3 taoen kapengker koers-ipoen mèh 1000 (955) dinten koela njerat poenika kantoen 79, dados sampoen sangandap pari.

Nitik wawasan koela doemoegi sapoenika tétéla manawi ing donja poenika sampoen tjekap kabetahanipoen: gendis, lampoe electrisch, pirantos radio, montor. Dagangan 4 poenika sampoen sami rekaos, pados djadjahan énggal sampoen boten saged.

Kala 14 Augustus koela inggih sampoen nenggel „la Nederlandsche Handel Maatschappij" wawaton karanganipoen dirèktoeripoen Toean van Aalst, dirèktoer N. H. Mij waoe ing poengkasaning karanganipoen mawi njerat makaten:

Quant au total des émissions étrangères, la Nederlandsche Handel Maatschappij se trouve en tête des banques émettantes.

Dados sami-sami bank, katanding kalijan sadaja bank ngamantja, N. H. Mij poenika mentjit wonten ing poetjoek (en tête).

Sabab poenapa kok N. H. Mij saged koewawi lan soegih makaten?

Awit tradjangipoen inggih mawi systeem: nenggel, i. p. mbokongi kaboedidajan-kaboedidajan ing Indonesia ingkang adatipoen sarwa sembada, adjeg betah arta katah lan ngedalaken dagangan katah.

mBokongi tegesipoen: njamboeti pawitan, oeroen pawitan sarana toembas aandeel oetawi njadèkaken pamedalipoen. Dados ingatasipoen kaboedidajan - kaboedidajan ing Indonesia ngriki N. H. Mij poenika

(a). kados déné toekang potang.

(b). kados déné tijang toemoet oedoe, oetawi

(c). kados koeli toekang njadèkaken.

Pakarjan a, b, c, waoe kala-kala saged karangkep, mawi - mawi kaperloeanipoen.

Déné kanggé njantosani tradjangipoen, N. H. Mij mbikak kantor-kantor, kadjawi ing Indonesia ngriki, ing: Djedda, Indija kilèn, Djepang, Tiongkok, ing Asia djadjahan Inggris.

* * *

Doemoegi samanten kita ngadep toelada kalih ingkang tjeta:

Olympian, sepatoe Djepang, systeem-ipoen systeem reclame.

N. H. Mij systeem qualiteit (systeem nenggel).

Sedajanipoen dados N. H. Mij advertentienipoen boten katah, namoeng jèn ngetingal hang-ge-gi-ri-si. Lan tepanganipoen sarwa atos.

# WATJANA MANÉKA WARNA.

## WATAK NGLADOSI.

*Srana kanggé ngadjengaken „Kètèl Nasional".*

„Kètèl National" oetawi „Swadeshi" i. p. migoenakaken jajasan oetawi gadahanipoen bangsanipoen pijambak, sampoen dados rembag oemjoeng.

Ramé swantenipoen ingkang sami ngadjak ngetjakaken Swadeshi: „Ajo pada toekoe jajasan kita déwé! Ajo pada nganggo sembet batikan kita déwé! La delengen ta kiji, tenoenan kita déwé! Ora soesah toekoe mrana-mrana!"

Lan sapoenika katingalipoen inggih sampoen ngrengseng! Njenengaken!

Soekoer, soekoer, soekoer! Koela toemoet seneng; manah mongkok; raos kabangsan langkang kandel. Lan pangadjeng-adjeng koela . . . la, sinten ingkang boten gadah pangadjeng - adjeng kados koela? —: swadeshi teroesa madjeng, teroesa ndedel moeloek!

Koela ndjarag moengel: teroesa. Awit

Grengseng sapoenika poenika poenapa agengipoen badé mindak, alitipoen panggah? — Kilap!

Anggènipoen sami toembas jajasaning bangsanipoen pijambak waoe poenapa boten namoeng saking „men njar"? — Kilap!

Poenapa boten namoeng saking „mèloe-mèloe"? — Kilap!

Kita kedah ndjoendjoeng bangsa kita. — Moepakat!

Jèn kita ndjoendjoeng jajasan kita pijambak, ndjoendjoeng bangsa kita. — Tjotjog!

Kita ndjoendjoeng jajasan kita, jèn kita nglarisaken jajasan kita. — Tjotjog malih!

Amila, mangga sami toembas, mborong jajasan kita pijambak. — Sarèh roemijin!

mBorong barang namoeng margi jajasanipoen bangsa kita pijambak, sapisan kaping kalih — Soit! Soemangga kémawon! Nanging jèn kedah adjeg? Poenapa badé saged kalampahan?

Kanggé nglestantoenaken laris poenika boten tjekap ngwontenaken ingkang poeroen toembas; boten tjekap ngojak-ojak: „Ajo toekoea, ajo mboronga! jèn ingkang poeroen toembas waoe boten roemaos mbetahaken barang ingkang dipoentoembas. Sinten kémawon saking sadèrèk Islam ingkang poeroen dados lengganganipoen djagal babi, sanadjana djagal waoe Indonesier, djalaran poen oelam babi boten sandé mesti namoeng badé kaboetjal kémawon? Sinten ta poeroen dados lengganan toembas roti gandoem, jèn ingkang dados tedanipoen sadinten-dinten woedjoed sekoel?

Dados kaoem toembas kedah roemaos mbetahaken, soepados lega lan seneng lan adjeg anggènipoen poeroen tjoetjoel jatra.

Jèn makaten, kaoem sadé oetawi kaoem medamel inggih kedah ngawasaken dateng kabetahanipoen kaoem-toembas; kedah ngladosi kaoem toembas; dadamelanipoen oetawi sasadéjanipoen kedah katjoendoekakaken kalijan pamoendoetipoen kaoem-toembas. Kedah ngoedi, soepados boten namoeng njampedi kabetahan, nanging oegi adamel seneng.

Kaoem sadé oetawi medamel kedah ngertos, jèn tijang badé damel kestélan poenika boten mbetahaken loerik „tloepat"; kedah ladjeng damel badé ingkang pantes, malah jèn saged ingkang semoea kanggé kestèlan.

Saboen Djawi inggih sampoen loemajan kanggé anggirahi; nanging poenapa inggih sampoen loemajan oegi kanggé adoes?

Jèn pabrik saboen tjap Indonesia kapéngin tansah laris, kapéngin madjeng, jèn Swadeshi babagan saboen kedah saja anggrengseng; djoeroe damel saboen tjap Djawi (Indonesia) kedah ngoedi, soepados damelanipoen boten namoeng loemajan, nanging peng-pengan jektos kanggé nggirahi; lan ngoedi oegi soepados njenengaken kanggé adoes.

Amila boten tjekap kanggé ngadjengaken „Kètèl Nasional" ngojak-ojak kaoem toembas: „ajo toekoea, ajo toekoea." Nanging kaoem medamel inggih kedah dipoenojak-ojak: ajo ngoengaka kaboetoehané sing toekoe, ajo ngepénakna sing toekoe, ajo ngladènana sing toekoe!"

Jèn kaoem sadé oetawi medamel gadah watak ngladosi, Swadeshi mesti badé saja ndedel.

Vive Swadeshi!

CORRESPONDENTIE.

Ngatoeri priksa karangan ingkang sampoen katampi, nanging dèrèng angsal papan: i. p. saking: *B. S. Barès, Blawong, Trb., K. D., D. S. Teoneow.* Lan saking *Volkslectuur* pakabaran. Sadaja matoer noewoen.

*Red.*

oetawi kanggé A. J. S. pijambak kepeksa manggih sandoengan, ingkang margi panedaning martil voorzitter „kepeksa nglangkoengi sapéranganing ginemipoen." Nanging koela soemerep oegi jèn laré ingkang dipoenpoerih nengahi djedjeraning bapa djadoeg (tw. P. Harahap) lan embahipoen ingkang djempol lan asipat Gong kina, ingkang saklangkoeng déning laras bening empoek irama wilet lsp. (kirang temboeng) kados tw. H. A. Salim wonten Congres ngrikoe, boten damel koetjiwaning dapoekan, kados-kados patoet koela seboeta: „kantoen ngentosi koelina lan mangsa (oemoer), wahjoe pendékar ladjeng mandjing dateng saliranipoen".

V. *Journalistiek lan wet negari.*

Ingkang kebebahan lan ingkang dados bebahan timbang jektos. Pandoemoeking bab, babaraning temboeng tjekap tjoekoep ing katrangan, wiraga sabda doemoegi oelon, pantes sineboet gonging pakempalan. Mila boten mokal sanadjan sampoen sijang ingkang mirengaken tansah tentrem ajem, pandoeloe lan pamireng sadaja sami noedjoe dateng podium.

Babad pers dipoen-gelar satjekap - tjekapipoen. Kanti ngèngeti wawaton engseklopidi sami nganggé kepahaman lan keterangan pijambak-pijambak. H. A. Salim mastani, ingkang sekawit mboekani pers sadjatosipoen sad. Tionghoa. Ingkang sampoen limrah migoenakaken sastra tèmplèkan wonten témbok-témbokipoen. Wonten pangrembag ketawis jèn H.A. Salim njoplok kawroeh babad, taoen-taoen dipoensampari kanti gampil.

Njandakipoen dateng wet. Serat kabar poenika toemrap pangoewaos midji ingkang sampoen ageng, sampoen kénging katamtokaken angèl sepenipoen pangawasan. Mila inggih dipoenakeni kanggéning pangoewaos ingkang mekaten waoe, temtoe oetoetipoen mamalangi mardikaning pers. Amargi pers pantjèn sok damel boten sakétja toemraping pamaréntah, seloek beloek ingkang pantjèn kedah soemimpen sok dipoensebar déning pers oetawi sanèssanèsipoen.

Inggih leres sampoen asring wonten Alam pers dipoensenengi pangoewaos kados déné dipoenrengkoeh déning ingkang betah pitoeloengan waoe, namoeng mangké jèn sasampoening katjakoep ladjeng ngèngingi saliranipoen (pangoewaos) inggih ladjeng wiwit wonten papalang. Napoleon nalika djoemangkah dateng pangoewaos, njanak pers, ngangkah mardikaning pers. Nanging sareng sampoen djoemeneng Keizer inggih betah mamalangi lsp.

Mila wontening pers Indonesia tanpa papalang poenika, sedjatosipoen sanadjan dados pandjangka sageda mardika, babasan tangèh lamoen. Artikel 155 bis lan 161 bis ingkang dados papalangipoen, ketingal sanget damel aoeting kamerdikan pers kita. Éwasemanten poenika dèrèng tjekap spr. mindoe déné sapoenika wonten papalang ageng kanggé pers, woedjoed tilaraning G. G. ingkang manoet kejakinanipoen boten patoet kagoengan paparing kados mekaten, ngèmoeti ambekipoen ingkang sami dipoenalami.

Déné papalang waoe woedjoed oekoeman njetop serat kabar sawatawis wekdal, manawi wonten koran ingkang ngedalaken seratan mbabajani ageng toemrap negari saantéronipoen (saliring koewadjiban oetawi bebahan). Papalang mekaten waoe manoet katerangan sad. Bakrie ambabajani sanget, bengis sanget, awit poenika saged damel kapintenipoen brajat poenggawa pers waoe ingkang tjatjahipoen langkoeng katah, tinimbang ngoekoem ingkang lepat. Toer oegi negari saged keroegian saking prangko, pabrik Éropah kapitoenèn saking dlantjang. Mila njata brangoes pers kakalih tilaranipoen ingkang Sinoeba manten G.G., teges damel karisakan boten namoeng pers, nanging oegi negari pijambak. Lan manawi tindak bengisipoen tijang 1 dipoenpalangi, poenapa kabengisan ingkang noemrapi ing ngakatah kados pembrangoesan poenika, poenapa boten patoet kaéwokaken damel araling katentreman oemoem lan dipoenalang - alangi (geeer tijang goemoedjeng) namoeng oengel-oengelan poenika tjéngkokan, boten loegoe kados ing rikanipoen.

H.A. Salim sasampoening ndjelir-ndjeliraken kados-poendi wontening wet, lan oegi ndoemoeki goena pitoenaning wet tilaran mastani, boten ngemoengaken borang, bekoengkoeng, lan brangoes kémawon, lan kanti ndoeloe kapitoenèn boten ngemoengaken ingkang dipoentoedjoe (manoet andaran tw. Bakri) ladjeng noetoep pandjenengan mekaten, koela mastani malih ratjoen djadjahan (applaus).

Bakda poenika H. A. Salim Hfd. Mustika wiwit ngreratjik mosi, ingkang soeraosipoen nanggoelang lan ngemohi wet énggal 2 ingkang saweg dados rembag. Dipoenoemoemaken dateng Congres, soepados katingala pers boten koewawi nanggoelang, boten wenang ngemohi, jèn publiek boten wonten ingkang mbetahaken sowakipoen. Sareng publiek sampoen soeka wangsoelan moepakaat, motie kawaos.

Toean Saéroen noetoep Vergadering kanti soemringah, déning tijang ningali boten ngoetjiwani. Gong C.J.I. anggènipoen ngandika $\pm 2^{1}/_{2}$ djam taksih katingal panggah.

Telas bab congres, sanès dinten rembag Harahap badé koela tjoeplik, amargi dajanipoen ageng kanggé kita. *Wido* P. S. Moentilan,

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

**Frieling's Glansverf A**
(tjèt gilap)
kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

| Dipoenwadahi blèg netto | 10 | 5 | $2^1/_2$ | 1 | $^1/_2$ kilo. |
|---|---|---|---|---|---|
| sa - blèg . . . . . . | 9.— | 4,75 | 2,50 | 1,10 | 0,60 |

Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg 10 Kilo . . . f 6,50.
5 Kilo . . . f 3,50.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Frieling's Verflak no. 1 | | sa - gendoel | f 0,90. |
| „ „ no. 2 | | „ „ | „ 0,70. |
| Lisah tjèt Walandi | | „ „ | „ 0,50. |
| Byta kanggé ngitjali tjèt | | „ „ | „ 0,30. |
| Artistico Calcarium | sa - Kilo | | „ 0,75. |

Glansverven (tjèt gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt **R. B. FRIELING**
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja
**Recept** 2

ERCEE

APOTHEKEN
**Rathkamp** & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

**Sampoen kasedijakaken**
**Papan pondokan kanggé**
**laré èstri ingkang sekolah.**

Sinaoenipoen dipoenoelat - oelataken
sarta dipoentoentoen.

**Wragad** mondok lan neda:
f 15.—

**HARDJADININGRAT.**
GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN,
NGAJOGJAKARTA.

**TOKO DJOEN & Co.**
TÉLÉPOEN: No. 374.
PATJINAN adjeng-adjengan Toko Fuji DJOKJA.

Amrih sampoen damel tjoewaning para Prijantoen kakoeng poetri, ingkang ngagem lampoe electrisch, kita saladjengipoen sedija:
LAMPOE PLENTONG (Peertjes).
mawi fitting pandjang manoet tarip
**D**
saking
**A. N. I. E. M.**

**Sadija saking pabrik:**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| PHILLIPS (Aniem) | kekijatan | 15 | watt | regi | F | 0.60 |
| „ „ | „ | 25 | „ | „ | „ | 0.60 |
| „ „ | „ | 40 | „ | „ | „ | 0.60 |
| OSRAM | „ | 15 | „ | „ | „ | 0.60 |
| „ | „ | 25 | „ | „ | „ | 0.60 |
| „ | „ | 40 | „ | „ | „ | 0.60 |
| P. D. (Peter Pan:) | „ | 15 | „ | „ | „ | 0.50 |
| „ „ „ | „ | 25 | „ | „ | „ | 0.50 |
| „ „ „ | „ | 40 | „ | „ | „ | 0.50 |

Kanti sagoenging hormat,
TOKO DJOEN & Co.

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda - speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Temtoe kémawon poen systeem reclame inggih boten tilar manah qualiteitipoen, ingkang nganggé systeem qualiteit inggih boten tilar reclame. Katanda: . . . . tw. C J.K. van Aalst pijambak, inggih medali ngarang ing De Rijkseenheid, internaionale uitgave, boten lija inggih perloe kloeroek: gilo, N. H. Mij koewi ana lan kadigdajané kaja ngéné.

Kadjawi poenika ing dagblad ageng - ageng inggih boten sepi advertentie N. H. Mij ingkang tansah pratéla: pawitankoe seméné, kantorkoe ing anoe-anoe-anoe, lan ing kana-kana-kana doewé safe deposit.

Advertentie ingkang makaten barès, tanpa gambar, tanpa temboeng-temboeng ingkang kemetèp, nanging toentoengipoen ngremet baloeng-soengsoem, damel éring.

Dados, ingkang perloe kadigdajanipoen, qualiteit - ipoen, ladjeng gadaha swara oetawi reclame.

Atoer koela nginggil poenika kénging katoemrapaken sadajaning pandamelan, dados boten namoeng mligi dagang, sanadjan babagan pagoeron, gesang oemoem, tatanèn, journalisme lss. wawaton kalih waoe tansah katoet. Toeladanipoen bab poenika: sadèrèk Saéroen kala konggrès journalisten ing Semarang. Qualiteit pantjèn saé; sareng kloeroekipoen sembada . . . . sadaja marem.

Poenapa atoer koela bab poenika namoeng landesan koemandangipoen soemitra koela Wido?

Boten.

Andaja tepang kalijan sahoedara Saéroen. Kasatrijanipoen Djawi njata oelig-oeligan.

Ngèngetana tindakipoen rama van Lith swargi, ngleneng, nanging qualiteit adjeg kadjagi saé, sareng sampoen dados . . . . Gouverneur Ngajodja rawoeh, moerid pinten ingkang nglempak? . . . 1400.

Dados karangan koela poenika leres mendet fragmenten saking babagan padagangan, nanging toentoengipoen ngéngingi gesang oeoem, gesang padintenan; mila titelipoen temboeng „panggesangan" inggih boten koela tilar.

Samanten kémawon.

ANDAJA.

# OERAP-SARI.

## INDONESIA.

**Tindak dateng nagari Walandi.**

Ing dinten Rebo 26 Agoestoes poenika Rama-rama Frater **J. Haarselhorst** goeroe ing P. A. M. S. ing Moentilan, **R. Jasawihardja** goeroe ing Ambarawa, **J. Noyons** goeroe ing Seminari Ngajodja sarta **P. Zoetmulder** tilas auditor philosophiae in Collegio S. Ignatii ing Ngajodja sami pangkat saking Betawi nitih baita Indrapoera perloe neroesaken pasinaon wonten ing nagari Walandi. Kita ndèrèkaken soegeng. Moegi anggènipoen sinaoe samia sempoeloer ngantos saged wangsoel ngadjawi malih, ladjeng migoenakaken pangoewasa ka-Imaman.

**Katjilakan déning autobus.**

Anéta njarijosaken bilih sasampoenipoen dipoenwonteni pranatan ing provincie ingkang nemtokaken jèn autobus oetawi vrachtauto wonten sadjawining kita boten kénging mlampah langkoeng saking 40 K.M. ing sadjamipoen, tjatjahing tijang ingkang katjilakan margi nratas margi, katah soedanipoen. Ingkang makaten poenika nélakaken jèn ingkang njopiri ingkang lepat. Èwasamanten tijang ingkang katabrak ing auto margi saking lepatipoen pijambak inggih taksih katah. Mila perloe sanget tetijang dipoenwoelangi patrapipoen langkoeng ing margi. Goeroe toeloeng sanget, manawi poeroen moelang dateng para moerid. Ingkang perloe pijambak jèn badé nratas, kedah ngingetaken tengen roemijin, ladjeng kiwa.

**P. K. J.**

Bakda Kongrès kaoem djoernalis ing Semarang, ing Djakarta dipoendegi P. K. J. (= Perserikatan Kaoem Journalist). Warganing pangrèh:

Pangarsa sdr. Saéroen Plv. Hoofdredacteur Siang Po.

Panitra hartaka sdr. Parada Harahap, Dir. Hoofdredacteur Bintang Timoer.

Komissaris:

I. kanggé Djawi-tengah: sdr. Moh. Joenoes, Dir. Hoofdredacteur Bahagia ing Semarang.

II. kanggé Vorstenlanden: sdr. Koesoemodirdjo, Redacteur Darmakanda ing Soerakarta.

III. kanggé Djawi-wétan: sdr. Soejitno, Redacteur Soeara Publiek ing Soerabaja.

IV. kanggé Djawi-kilèn sdr. Wignjadisastra, Dir. Persbureau Hipa ing Djakarta.

V. kanggé tanah Priangan: sdr. Bakri Soeraatmadja, Hoofdredacteur Sipatahoean ing Tasikmalaja.

Perserikatan Kaoem Journalist poenika kaangkah namoeng dados pakempalanipoen Kaoem Journalist Indonésia, sarta badé miwiti ngedalaken orgaan kanamakaken „Djoernalis".

**Pakabaran saking Semarang.**

Kala 15-8-'31 ing Semarang ngawontenaken papanggihanipoen para kadang Katoelik. Inggih poenika saking pakempalan K. W; P. P. K. D; W. K. lan De Cloria, wonten ing Pastoeran Randoesari, perloe mèngeti gangsal welas abadipoen Konsili ing Épése rikala taoen 431, kados ingkan sampoen kapatjak ing serat kabar Swara Tama woelan kapengker.

Djam $^1/_2$ 7 daloe pahargjan katapoekaken déning pangarsa K. W. Ingkang sami rawoeh prijantoen kakoeng poetri ± 120; oegi karawoehan Para Rama Pastoor sawatawis.

Programma:

1. Muziek Indonesia Raja. 2. Pembikakan. 3. Muziek Roomsch Blijdschap. 4. Tembang a). Saking Standaardschool Karangbolong. 5. Tembang b). Openb: Inl. school Kaboepatèn. 6. Zang saking: K. W. 7 Lezing Concilie ing Ephese (sadèrèk A. Djoepri). 8. Muziek La Cera nata 9. Zang W. K. 10. Pentjak demonstratie. 11. Zang W. K. 12. Kogelen (A. M. S.) 13. Tembang zie no. 5. 14. Muziek Sweet marsch. 15. Panoetoep. 16. Muziek Indonesia Raja.

Sasampoenipoen De Cloria ngébaraken kadibjanipoen, ladjeng kasambetan sekaripoen para moerid ing standaardschool Karangbolong, bawanipoen Kenjakadiri dawah gending sriwitjaksana. Noenten moerid sekolahan angka II ing Kaboepatèn, sekaripoen kinanti lan sinom.

Sadangoenipoen njekar, para tamoe katingal sami karenan ing galih, midangetaken bawa swara ingkang anganjoet-anjoet, malah ngantos wonten ingkang kèloe toemoet rengeng - rengeng toewin keplok - keplok, mratjihnani bilih saking mantepipoen.

Mitoeroet programma, noenten menjanjijan saking W. K.

Lézingipoen sadèrèk A. Djoepri ± 1 djam. (Lezing poenika manawi ndadosaken danganing panggalihipoen Rama Redacteur kersaa matjak wonten ing Swara-Tama ngriki, soepados para sadèrèk ingkang tebih inggih saged mriksa wosipoen).

Bab pentjak sampoen loemajan, adamel gambiranipoen para kadang Katoelik. Sadèrèk V. Martawirjana lan mengsahipoen katingal saèstoeèstoea.

Kogelenipoen (goochelen = njoelap² Red.) inggih njenengaken, adamel goemoenipoen para mriksani ingkang dèrèng priksa wados²ipoen. ± Djam 10 pakempalan katoetoep kanti wiloedjeng.

*H. Dwidja.*

**Tjatjahing Tionghoa soeda.**

Manoet Anéta, ing taoen poenika katah tijang Tionghoa ing Indonésia wangsoel dateng tanah Tiongkok lan soeda tjatjahipoen ingkang saking Tiongkok dateng Indonésia.

Sababipoen déné Tionghoa nilar Indonésia: 1° kawontenan ing Tiongkok radi saé, langkoeng tentrem lsp. 2° dollar ngrika aosipoen medak, namoeng gadah koers $59^1/_2$, mila katah tijang Tionghoa milaoer gesang wonten ngrika katimbang wonten ngriki. Poenika andjalari jatra Indonésia mili dateng tanah Tiongkok.

Margi pelikan timah boten madjeng, katah Tionghoa ingkang kapeksa wangsoel dateng tanahipoen. Sababipoen déné Tionghoa boten mriki 1° margi medaking dollar, dados wragad mriki kalebet katah, toemrap tijang satoenggal apes 250 roepijah oetawi kirang langkoeng 400 dollar. 2° Jèn mrika, dèrèng temtoe angsal pandamelan. Poenika andjalari boten wonten jatra ingkang mlebet mriki.

Tjobi dipoen-jektosi kémawon, soedaning Tionghoa poenika njoeda adjenging Indonésia poenapa malah ngagengaken activiteit toemrap tijang Indonésia?

**Grédja Santo Joesoep ing Ambarawa.**

Sawatawis woelan kapengker, ing Swara Tama ngriki sampoen naté ngabaraken, bilih Altaripoen Grédja St. Joesoep ing Ambarawa kagantos Altar marmer ingkang sakelangkoeng saé; poenapa malih Communie-Bank oegi kagantos marmer.

Wewah malih ing sapoenika, gambar-gambar ingkang kanggé Kruisweg oegi dipoen-gantos retja; agengipoen saben 1 ± 1 M² langkoeng. Wekdal sapoenika saweg dipoenpasang, saha mèh rampoeng.

Sanadjan Grédja Ambarawa waoe kalebet ageng (malah kabaripoen ageng pijambak sa-Tanah Djawi tengah), éwasamanten manawi dinten ageng Grédja waoe saged sesak, kirang papan, salong namoeng sami ngadeg. Inggih leres linggihipoen para Siswa Normaalschool saha sadèrèk ing djawi sanèsipoen sampoen soek-soekan, nanging meksa kirang papan, ngantos Siswa ing M.U.L.O. school salong sami linggih ing Koor.

A. A. M.

**MENTAS AMBABAR.**

Atoer pariksa, jèn Drukkerij „Canisius" mentas ambabar boekoe:

**Babad Dalem Sang Pamarta, djilid II.**

Isi 167 katja aksara Djawi, regi namoeng f 0.35, dados soemboet lan djamanipoen.

# MANTJA NAGARI.

**Oeled-oeledan politik internasional.** Paul Valéry, poedjangga (dichter) lan warga „Académie Française" misoewoer, sampoen njerat bab poenika wonten ing boekoenipoen „Morceaux Choisis", asesirah „Remarques extérieurs".

„Doemoegi sapoenika, makaten tjrijosipoen Paul Valéry, para ngemoedèni pradja sami kebak pikiran dateng „lalampahan." Ingkang dipoenkadjengaken: koedoe kelakon apa-apa", ngelar djadjahan, limrahipoen woedjoed protectoraat, papan panggaotan, lsp. Nanging politik kados makaten poenika saja dangoe saja tjeta boten saged kalampahan, amargi gendjoting lalampahan poelitik satoenggal poenika sapoenika dipoenraosaken ing sadjagad.

Makaten poenika andjalari, bilih saben tijang boten saged djendjem malih. Saben tijang mesti taksih émoet, kados-poendi pamriksan bab prakawis sédanipoen Frans Ferdinand poetoesanipoen kok ladjeng perang ageng; lan boten wonten tijang satoenggal-toenggala ingkang ngertos jektos, sabab poenapa perang waoe kok *kedah* wonten boten kénging dipoensingkiri. Rantjangan tolunie, ingkang katingalipoen sapélé makaten, mèh kémawon andadosaken boten kanten - kantenan. Inggris anggènipoen nindakaken Zionisten - politiek kedah mawi ngèngeti djagad Islam; katentreman ing Hindia Inggris gandèng kalijan poenika oegi. Katentremanipoen Indonésia oegi boten petal mendjila. Karèt dados rembag politiek internasional, makaten oegi lisah patra. Ing djaman sapoenika djoeroe moedi pradja prasasat mèh boten saged mingset. Leres saged angsal damel, nanging sakedap engkas angsal-angsalanipoen waoe dados toeking reribed.

Kita kirang ngraosaken dateng prabawa lan daja ageng ingkang djoemedoel ing donja. Prabawanipoen internationaal bankkapitaal saweg nama santer-santeripoen; internationaal proletariaat leres boten maremaken, nanging sapoenika Roeslan mentjoengoel; Tiongkok ngoedi oewalipoen saking tanganing Kilénan, Djepang toewin Amérika; Hindia Inggris wiwit andjenggèlèk.

Sadaja - sadaja waoe saja dangoe mesti inggih badé saja sora anggènipoen neda dateng santoening politiek.

**FIRMA - MERDEKA**
WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
**barang baik harga pantes,**
dan bisa beli dengan
**huurkoop.**

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat.

**Tarief onkost toekang bultzak dengan harga kain.**

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Bultzak | no. 1. | oekoeran | 2,30 × 1,90 | satoe stel | 2 | goeling | 4 | bantal | f 10,50 |
| „ | no. 2. | „ | 2,20 × 1,60 | „ „ | 2 | „ | 4 | „ | f 9,50 |
| „ | no. 3. | „ | 2,10 × 1,30 | „ „ | 1 | „ | 2 | „ | f 7,— |
| „ | no. 4. | „ | 2,— × 1,15 | „ „ | 1 | „ | 2 | „ | f 6,— |
| „ | no. 5. | „ | 2,— × 1,— | „ „ | 1 | „ | 2 | „ | f 5,50 |

**Pesenan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doeloe, dengan diterangkan pandjang lebarnja tempat tidoer.**

**Hormat Saia**
Eigenaar: **R. A. SASTRODIHARDJO.**